

KISA OU DWE KONNEN SOU COVID-19

Kisa COVID-19 ye?

COVID-19 se yon viris ki kapab lakòz maladi grav. Nenpòt ki moun kapab pran viris la. Granmoun (adilt) ki gen plis laj yo ak moun ki gen pwoblèm sante kwonik yo (pwoblèm sante ki dire anpil tan), yo gen plis chans pou yo vin malad anpil akòz viris la.

Kijan li pwopaje (simaye)?

Viris la pwopaje (simaye) prensipalman atravè kontak sere avèk yon moun ki enfekte. Ti gout likid ki soti nan respirasyon moun nan, ki kreye lè yon moun ki enfekte touse, etènye, oubyen pale, yo ateri nan bouch oswa nen moun ki tou pre yo. Moun ki enfekte yo, men ki pa prezante senptom, yo kapab gen kapasite pou yo enfekte lòt moun. Se poutèt sa li enpòtan pou moun yo al fè tè.

Kisa senptom yo ye?

Senptom yo parèt 2 a 14 jou apre ou ekspoze (apre ou te an kontak avèk viris la).

- Lafyèv oswa frison
- Touse
- Souf kout oswa difikilte pou respire
- Fatig
- Doulè nan misk yo (nan vyann kò ou)
- Ou vin pa pran gou oswa sant ankò
- Gòjfèmal
- Nen bouche oswa nen koule
- Noze (anvi vomi) oswa vomi
- Dyare

Senptom ki montre gen ijans:

Difikilte pou respire

Doulè san rete oswa presyon nan pwatrin

Konfizyon oswa pa kapab reveye

Po bouch oswa figi ble

Si ou devlope senptom avètisman sa a yo, rele 911 pou jwenn èd medikal toutsuit.

Kisa pou m fè si mwen panse ke mwen malad?

Si ou gen kèlkeswa senptom, ou ta dwe fè yo fè tè la pou ou nan travay ou oswa nan yon sit (yon espas) kote yo fè tè tou pre ou. Pou w jwenn yon sit kote yo fè tè oswa yon lòt kalite èd, rele 211 nan telefòn. Evite kontak avèk lòt moun pou yo pa vin malad.

KIJAN POU PWOTEJE TÈT OU



Lave men ou souvan ak savon ak dlo. Si ou pa gen dlo ak savon, sèvi ak yon dezenfektan pou men.



Pran vaksen pou COVID-19 ou an. Pou jwenn yon sit vaksinasyon, rele 211 sou yon telefòn.




Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon mouchwa oswa koud ou lè w ap touse ak lè w ap etènne.



Netwaye e dezenfekte sifas ke moun manyen souvan yo (po bagay ke moun manyen souvan yo) chak jou.



Mete yon kouvèti figi ki fèt ak twal lè ou oblije rankontre avèk lòt moun. Evite manyen figi ou.



Kenbe yon distans 6 pye ant oumenm ak lòt moun ke ou pa abite menm kote avèk yo. Evite kontak avèk moun ki malad.

APRANN PLIS BAGAY

Enfòmasyon enpòtan ke Eta Michigan bay

https://www.michigan.gov/coronavirus/0,9753,7-406-98178_98541---,00.html

Kisa pou w fè si ou malad

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/sick-with-2019-nCoV-fact-sheet-haitian-creole.pdf>

Kijan pou w kanpe pwopagasyon (simayay) mikwòb yo

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/stop-the-spread-of-germs-haitian-creole.pdf>